Gid Rapid: Aplikasyon Chwa Lekòl pou Nouvo Elèv Nan Distri a

PITIT MWEN NOUVO NAN DISTRI A

Si yon elèv nouvo nan Lekòl Piblik, Broward County Public Schools (BCPS), epi li pa janm resevwa yon nimewo idantifikasyon elèv BCPS, yon nimewo ID elèv obligatwa anvan ou ka gen aksè a Aplikasyon Chwa Lekòl BCPS [BCPS School Choice Application(s)].
Vizite youn nan lekòl Distri nou pou mande yon nimewo idantifikasyon elèv. Tanpri pote yon kat didantite ak foto ou sou li, gouvènman an ba-ou epitou pote ak nesans/sètifika nesans, pitit ou.

Note: Pou kreye yon kont paran sou portal la wap bezwen adrès imel ou te bay lekòl la; se fason ou vle lekòl la kontakte ou; wap bezwen nimewo idantifikasyon elèv ak dat nesans li (student ID and student Birth Date). Si ou pa sèten adrès imel ou klase nan dosye lekòl la, kontakte lekòl pitit ou.

Si ou se yon anplwaye BCPS, ou DWE itilize yon lòt imel pou kreye yon kont, tanpri fè sèten lekòl la kontakte ou nan nouvo imel sa. Ajoute li kòm kontak enfòmasyon.


1. Si pitit ou se yon nouvo elèv BCPS, yon nimewo idantifikasyon elèv (student ID number) obligatwa anvan ou aplike pou Chwa Lekòl (School Choice). Vizite nenpòt lekòl nan Distri nou epi mande yon nimewo idantifikasyon elèv. Tanpri pote yon kat didantite ak foto ou sou li, epi ak nesans pitit ou.

2. Yon fwa ou gen nimewo idantifikasyon elèv (student ID number) pitit ou, kreye yon nouvo kont paran sou portal la, ***Parent Portal*** *account*, epi atache enfòmasyon chak pitit ou.

3. Ale sou paj enskripsyon pou paran, Parent Portal Registration epi klike ***Create Parent Portal Account.***



4. Antre tout enfòmasyon yo mande yo ak pwòp enfòmasyon ou, tcheke “Mwen pa yon robo,” epi klike sou “Soumèt.”
   (Chak paran/gadyen dwe kreye pwòp kont endividyèl yo.)



5. Apre yon kreye yon kont paran sou portal la, wap resevwa yon imel notifikasyon.


6. Yon fwa ou verifye imel ou, wap kapab konekte ak kont pitit ou (elèv).

Gid Rapid: Aplikasyon Chwa Lekòl pou Nouvo Elèv Nan Distri a


7. Ale sou paj enskripsyon pou paran, ***Parent Portal Registration Page*** epi nan seksyon sa, deplase kisè (scroll) epi klike sou ***I have an account and need to add my student(s).*** [Mwen gen yon kont epi mwen vle ajoute non pitit mwen (elèv la (plizyè elèv)].




8. Antre enfòmasyon ou pou konekte (login information).



9. Antre nimewo idantifikasyon elèv (***Student ID*** number) (nimewo a kòmanse ak '06') epi antre dat nesans elèv la ***(Student's Birthdate)***.




10. Klike sou ***I am not a robot*** (mwen pa yon wobo) epi ***Add Student.*** (ajoute non elèv). Si ou ajoute avèk siksè non elèv la, non elèv la ap parèt sou pwochenn ekran an.




Gid Rapid: Aplikasyon Chwa Lekòl pou Nouvo Elèv Nan Distri a

11. Pou ajoute non plis elèv, seleksyone ***I would like to ADD A CHILD who is already enrolled.***




12. Si ou fini ajoute non elèv sou portal la, seleksyone ***I am FINISHED adding students. Please take me to the Portal.*** (Mwen fini ajoute non elèv. Tanpri mennen mwen sou paj prensipal portal la).




13. Konekte sou kont paran, ***Focus Parent Portal,*** sit https://browardschools.focusschoolsoftware.com/focus/

14. Nan panel navigasyon paran, klike sou flèch akote non elèv la.




15. Klike sou aplikasyon (plizyè aplikasyon) ki apwopriye.


Gid Rapid: Aplikasyon Chwa Lekòl pou Nouvo Elèv Nan Distri a



16. Si ***Current Grade*** and the ***Projected Grade*** (Ane Aktyèl ak Ane Pwojte) sou aplikasyon an espas la vid, seleksyone ***Current Grade*** apati meni dewoulan (2025-26). Click ***Save***. (Sovgade)




17. Nan seksyon sa, revwa enfòmasyon pitit ou, ki sitiye anwo a, si gen chanjman nan enfòmasyon an, kontakte lekòl pitit ou, epi ranpli aplikasyon (plizyè aplikasyon) konplètman.




Gid Rapid: Aplikasyon Chwa Lekòl pou Nouvo Elèv Nan Distri a

18. Telechaje (upload) tout dokimantasyon obligatwa swa glise dokiman yo de konpitè ou nan espas pou dokiman, klike sou ***Select*** pou seleksyone yon dokiman apati konpitè ou, oswa klike sou ikòn scan pou scan (eskane) yon dokiman.



Note: Verifikasyon aplikasyon ap fèt nan lòd nou resevwa yo. Tanpri telechaje/mete tout dokiman ki nesesè pou sipòte demann ou anvan fenèt la fèmen.

19. Klike sou ***Submit Application*** (Soumèt Aplikasyon) oswa klike sou ***Submit Application & Print*** (Soumèt Aplikasyon & Enprime) pou soumèt aplikasyon an epi pwodi yon vèsyon enprime de aplikasyon an.



20. Apre ou fini soumèt aplikasyon an, wap wè yon bwat dyalòg epi ou va resevwa yon imel konfimasyon (pa bliye tyeke spam imel ou).

